# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

**एम०ए० मैथिली**

**पार्ट–I, पत्र–I**

(आदिकाल और मध्यकाल)

*वार्षिक परीक्षा, 2019*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. काल विभाजन करब साहित्य में किएक आवश्यक अछि ।
2. सिद्ध साहित्यक विषय—वस्तुक विवेचन करू ।
3. ज्योतिरीश्वरक कौलिक परिचय प्रस्तुत करू ।
4. वर्णरत्नाकर ओ धूर्त समागमक विषय वस्तु ओ महत्वक वर्णन करू ।
5. कीर्तनिया नाटक सँ अहाँ की बुझैत छी ? नाटक क विकास देखबैत ओकर विशेषता सँ परिचय कराउ ?
6. लीला नाटक क वैशिष्ट्यक विवेचन करू।
7. अंकीया नाटक क संक्षिप्त इतिहास प्रस्तुत करू ।
8. असमिया नाट्य साहित्यक प्रवर्तक युग पुरूषक नाट्य कृतिक समीक्षा करू ।
9. नेपाल आ मिथिलाक पारस्परिक सम्पर्क सूत्रक इतिवृत्ति प्रस्तुत करू ।
10. भूपतिन्द्रमल्लक 'विद्याविलाप' क समीक्षा करू ।

ஐ ஐ ஐ

***Examination Programme, 2019***

**M.A. Maithili, Part–I**

| ***Date*** | ***Paper*** | ***Time*** | ***Examination Centre*** |
|---|---|---|---|
| 15.07.2019 | Paper–I | 3.30 PM to 6.30 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 17.07.2019 | Paper–II | 3.30 PM to 6.30 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 19.07.2019 | Paper–III | 3.30 PM to 6.30 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 23.07.2019 | Paper–IV | 3.30 PM to 6.30 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 25.07.2019 | Paper–V | 3.30 PM to 6.30 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 27.07.2019 | Paper–VI | 3.30 PM to 6.30 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 29.07.2019 | Paper–VII | 3.30 PM to 6.30 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 31.07.2019 | Paper–VIII | 3.30 PM to 6.30 PM | Nalanda Open University, Patna |

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

**एम०ए० मैथिली**

**पार्ट-I, पत्र-II**

(विद्यापति युग ओ साहित्य)

*वार्षिक परीक्षा, 2019*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. विद्यापति कालीन मिथिलाक राजनीतिक स्थितिक परिचय दिअ ।
2. विद्यापतिक आध्यात्मिकता असंदिग्ध अछि । यहि कथनक पक्ष या विपक्ष में मत प्रतिपादित करैत एक विस्तृत निबंध लिखू ।
3. विद्यापतिक लिखनावली, भू–परिक्रमन आ शैव सर्वस्वसार सँ परिचय कराउ ।
4. विद्यापति के सौन्दर्य वर्णन पर एक निबंध लिखू ।
5. विद्यापति बहु देवोपासक छलाह, विवेचन करू ।
6. नायिकाक अभिसार ओ नायकक अभिसारक मनोभावक पारस्परिक तुलना करू ।
7. विद्यापति रस सिद्ध कवि छलाह, प्रमाणित करू ।
8. विद्यापतिक विरह वर्णनक काव्यात्मकता पर प्रकाश दिअ ।
9. विद्यापतिक काव्य में वीर रस, शान्त रस, हास्यरसक वर्णन करू ।
10. सप्रसंग व्याख्या करू –

    (क) हम सओ रूसल महेसे । गौरीविकल मन करथि उदेसे ।
    पुछिअ पथिक जन तोही, ए पथ देखल केहु बूढ़ बटोही ।

    (ख) एक अपराध छेमब मोर जानी । परसल माय पाय तुअ पानी
    की करब जप तप योग धेयाने । जनम सुफल भेल एक हि सनाने ।

ꣿ ꣿ ꣿ

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

**एम०ए० मैथिली**

**पार्ट–I, पत्र–III**

**(भाषा विज्ञान)**

*वार्षिक परीक्षा, 2019*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. भाषा विज्ञानक परिभाषा ओ स्वरूप पर अपन विचार प्रस्तुत करू ।
2. भाषा विज्ञानक अध्ययनक महत्त्व पर विचार करू ।
3. भाषोत्पत्ति विषयक विभिन्न मार्गक संक्षेप में विवेचना करू ।
4. भारोपीय परिवारक वर्गीकरण संक्षेप में करू ।
5. भाषा परिवर्तनक बाह्य कारणक विश्लेषण करू ।
6. ध्वनि परिवर्तन की थिक ? एकर विभिन्न कारणक वर्णन करू ।
7. ध्वनि–विज्ञानक परिभाषा, उपयोगिता, ध्वनि नियम आदिक संक्षेप में परिचय दिअ ।
8. शब्द–लोप तथा नव शब्द–निर्माण पर विस्तृत निबंध लिखू ।
9. वाक्यक विभिन्न तत्त्वक परिचय दिअ ।
10. कोश विज्ञानक सैद्धांतिक प्रक्रिया केँ रेखांकित करू ।

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

**एम०ए० मैथिली**

**पार्ट-I, पत्र-IV**

(संस्कृत एवं अवहट्ठ)

*वार्षिक परीक्षा, 2019*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. कालिदासक पाडित्य पर प्रकाश दिअ ।
2. राजा दिलीपक गौ सेवाक विस्तृत वर्णन करू ।
3. कालीदासक 'रघुवंश' महाकाव्यक विशेषता लिखू ।
4. महाकवि विद्यापतिक 'पुरूषपरीक्षाक' विषयवस्तु सँ अवगत कराउ ।
5. पुरूषपरीक्षाक आधार पर दानवीर क महत्त्व लिखू ।
6. प्रथम परिच्छेदक आधार पर पुरूषक परीक्षण करू ।
7. पुरूष परीक्षाक आधार पर सुबुद्धि कथाक विशेषता लिखू ।
8. विद्यापतिक अवहट्‌ठ रचना कीर्तिलताक विशेषताक उल्लेख करू ।
9. कीर्तिलताक आधारपर जौनपुरक वर्णन करू ।
10. कीर्तिलताक तृतीय एवं चतुर्थ पल्लवक आधार पर महाराज कीर्तिसिंहक परिक्रमक वर्णन करू ।

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

**एम०ए० मैथिली**

**पार्ट-I, पत्र-V**

**(मैथिली गद्य साहित्य)**

*वार्षिक परीक्षा, 2019*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. आधुनिक मैथिली कथाकार लोकनि सँ परिचय कराउ ।
2. 'बिहाड़ि' कथा सँ कोन प्रकारक संदेश देल्न गेल अछि—स्पष्ट करू ।
3. मधुरमनि कथाक समीक्षा करू ।
4. 'झगड़ा' शीर्षक कथा में दाम्पत्य जीवनक मर्मस्पर्शी चित्रण भेल अछि— स्पष्ट करू ।
5. राजकमल चौधरीक कथा में समग्र जीवन—दृष्टिक विलक्षण चित्रण भेल अछि—स्पष्ट करू ।
6. 'घर देखिया' कथाक विशेषता सॅ परिचय कराउ ।
7. ''माछक महत्त्व'' शीर्षक व्यंग्य कथाक समीक्षा करू ।
8. रामक चरित्र नारी विरोधी रहल, समीक्षा करू ।
9. मैथिली यात्रा साहित्यक विकास सॅ परिचय कराउ ।
10. पेरिसक दर्शनीय स्थान सभक सम्बन्ध में जनतब दीयऽ ।

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय
## एम०ए० मैथिली
### पार्ट–I, पत्र–VI
(मैथिली मुक्तक काव्य)
*वार्षिक परीक्षा, 2019*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. विद्यापतिक गीतक काव्यशास्त्रीय मूल्यांकन करू ।
2. विद्यापतिक आधार पर श्रृंगारक वर्णन करू ।
3. गोविन्द दासक नायिका भेदक वर्णन करू ।
4. गोविन्द दासक काव्य में रस, अलंकार एवं छन्द योजना पर विचार करू ।
5. आरसी प्रसाद सिंहक मैथिली साहित्यिक अवदान सॅ परिचय कराउ ।
6. संक्रांति एवं मनोरथ शीर्षक कविताक समीक्षा करू ।
7. 'यात्री जी क कविता सर्वहारा वर्गक प्रतिनिधित्व करैत अछि ।' प्रमाणित करू ।
8. यात्री जीक 'विलाप' कविताक भाव स्पष्ट करू ।
9. सुमनजी प्रचीनता एवं नवीनताक संधि स्थल पर ठाढ़ छथि एहि उक्तिक विवेचन करू ।
10. सप्रसंग व्याख्या करू –

    (क) बेतन नीक, न नीक निकेतन,
    वेतन सॅ दोबर छनि भत्ता ।
    मारि करथ महगी, पड़ि कालक
    गाल में भऽ गेल मरल विपत्ता ।

    (ख) धरती–सुन । अहीकँ कविताएँ
    हरित भरित संसार ।
    गढ़ि आखर दस–पाँच धन्य कवि,
    कहबी अहाँ गमार ।

ॐ ॐ ॐ

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

**एम०ए० मैथिली**

**पार्ट-I, पत्र-VII**

(काव्य-शास्त्र)

*वार्षिक परीक्षा, 2019*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. भारतीय आचार्य द्वारा देल गेल काव्यक परिभाषाक वर्णन करू ।
2. काव्यक मुख्य प्रयोजन की सब अछि, विवेचन करू ।
3. शब्द शक्ति परिभाषा दैत ओकर भेदक विश्लेषण करू ।
4. रस–निष्पत्तिक विभिन्न मतक समीक्षा करू ।
5. ध्वनिक प्रमुख भेदसँ परिचय कराउ ।
6. गुणक परिभाषा दैत ओकर भेद–प्रभेदक वर्णन करू ।
7. अर्थ–दोष एवं रस–दोषक उल्लेख करू ।
8. काव्य में रीतिक स्थान निर्धारित करू ।
9. अरस्तूक अनुकरण सिद्धान्त पर प्रकाश दिअ ।
10. निम्नलिखित अलंकारक सोदाहरण परिभाषा लिखू –
    रूपक, अतिश्योक्ति, भ्रान्तिमान, काव्यलिंग

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

## एम०ए० मैथिली

### पार्ट-I, पत्र-VIII

(निबंध आ लोक साहित्य)

*वार्षिक परीक्षा, 2019*

समय : 3 घंटा पूर्णांक : 80

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. किछु प्रमुख निबंधक विषय वस्तु सँ परिचय कराउ ।
2. आलोचक आचार्य रमानाथ झाक आलोचना प्रवृत्ति पर प्रकाश दिअ ।
3. मैथिली महाकाव्यक विकासक मूल्यांकन करू ।
4. मुक्तक क आधुनिक काल पर प्रकाश दिअ ।
5. स्वतंत्रताक पूर्वक मैथिली उपन्यास साहित्य पर प्रकाश दिअ ।
6. मैथिली कथा साहित्यक कथ्य एवं शिल्प पर प्रकाश दिअ ।
7. मैथिली लोकसाहित्यक विशेषता क विवेचन करू ।
8. मैथिली लोकमंच आ लोकनृत्यक अन्तर स्पष्ट करू ।
9. मैथिली लोकगाथाक विशेषता सँ परिचय कराउ ।
10. मैथिली ऋतुगीतक स्वरूप विधानक विश्लेषण करू ।

ॐ ॐ ॐ

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

## एम०ए० मैथिली, पार्ट-II

### पत्र-IX

(मैथिली साहित्यक इतिहास)

*वार्षिक परीक्षा, 2019*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू ।*
*सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. आधुनिक कालक मैथिली साहित्यक ऐतिहासिक अध्ययनक समीक्षा करू ।
2. ''आधुनिक कालक मैथिली साहित्यक पृष्ठभूमि सभ मे सामाजिक पृष्ठभूमिक विशेष महत्त्व अछि ।'' एहि कथनक औचित्य निर्धारण करू ।
3. कविश्वर चन्दा झा युग प्रवर्तक छलाह, सिद्ध करू ।
4. ''मैथिली साहित्यक काव्यधारा मे सर्वाधिक मुक्तक काव्यक रचना भेल अछि ।'' एहि कथन पर विचार करैत मुक्तक काव्यक परिचय दिअ ।
5. मैथिली महाकाव्यक विकास पर एकटा दीर्घ लेख लिखू ।
6. मैथिली खंडकाव्यक परिचय अपन भाषा मे दिअ ।
7. मैथिली कथा मे जनजीवनक कतेक दूर धरि चित्रण भेल अछि, तकर वर्णन करू ।
8. 'कन्यादान' उपन्यास सँ 'बिहाड़ि पात आ पाथर' धरिक उपन्यासक विषय एवं स्वरूप निरूपित करू ।
9. मैथिली निबंधक विकास पर एकटा विस्तृत लेख लिखू ।
10. मैथिली आलोचना पद्धतिक सामान्य विवेचन वर्णित करू ।

***Examination Programme, 2019***

**M.A. Maithili, Part–II**

| Date | Papers | Time | Examination Centre |
|---|---|---|---|
| 03.08.2019 | Paper–IX | 12.00 Noon to 3.00 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 05.08.2019 | Paper–X | 12.00 Noon to 3.00 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 07.08.2019 | Paper–XI | 12.00 Noon to 3.00 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 09.08.2019 | Paper–XII | 12.00 Noon to 3.00 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 13.08.2019 | Paper–XIII | 12.00 Noon to 3.00 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 17.08.2019 | Paper–XIV | 12.00 Noon to 3.00 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 19.08.2019 | Paper–XV | 12.00 Noon to 3.00 PM | Nalanda Open University, Patna |
| 21.08.2019 | Paper–XVI | 12.00 Noon to 3.00 PM | Nalanda Open University, Patna |

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय
## एम०ए० मैथिली, पार्ट-II
### पत्र-X
(चन्दाझा युग ओ साहित्य)
*वार्षिक परीक्षा, 2019*

समय : 3 घंटा                                                                 पूर्णांक : 80

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू ।*
*सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. चन्दाझाक सहित्यक पृष्ठभूमि की छल ? परिचय दिअ ।
2. चन्दाझा रचित पद्य ओ गीतक वैशिष्ट्य लिखू ।
3. चन्दा झाक अनुवाद कला सँ परिचय कराउ ।
4. चन्दाझाक रामायण में वर्णित विभिन्न रसक विवेचना करू ।
5. सुन्दरकाण्डक आधार पर सीताक चरित्रक चित्रण करू ।
6. मिथिला भाषा रामायणक सुन्दरकाण्डक विषयवस्तुक संक्षिप्त परिचय दिअ ।
7. लालदासक रामायणक विशेषता लिखू ।
8. लालदासक रामायणक बालकाण्डक आधार पर सीता–राम विवाहक विवरण दिअ ।
9. चन्दाझा एवं लालदासक रामायण में प्रयुक्त छन्द एवं रसक विश्लेषण करू ।
10. सप्रसंग व्याख्या करू –

(क) मलिनवसन एक–वेणी अतिदुख, निराहार दुबराइलि ।
राम राम रट सकरूण धुनि कय, शुद्ध समाधि समाइलि ।।
अहह अशोक वाटिकाभ्यन्तर वृक्ष शिंशपा छाया ।
लंकापुरी राक्षसी घेड़लि छथि प्रभु अपनेक माया ।।

(ख) सधवागण कर मंगल–गान । सीता–विरह नारि–नर कान ।
जनक सुनल आँगन मे भीर । आकचकाय उइलाइ अधीर ।।
की थिक कियै अछि लोक । सीता विदा बुझल भेल शोक ।
व्याकुल नृप आंगन अयलाह । मोहाकुल कानय लगालइ ।''

ꢁ ꢁ ꢁ

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

## एम०ए० मैथिली, पार्ट-II

### पत्र-XI

(भाषा–विज्ञान)

*वार्षिक परीक्षा, 2019*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू ।*
*सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. भारोपिय परिवारक सप्तम् वर्गक भाषाक भेदक विवेचना करू ।
2. वैदिक संस्कृत आ लौकिक संस्कृतिक विशेषता अछि स्पष्ट करू ।
3. भाषाक मुख्य लक्षण लिखू ।
4. पूर्वांचलीय उड़िया, बंगला आ आसामी सँ मैथलीक कोन सम्बन्ध अछि ? विश्लेषण करू ।
5. विकास क्रमक आधार पर शब्दक विश्लेषण करू ।
6. अर्थ तत्त्व एवं सम्बन्ध तत्त्वक महत्ता एवं स्परूपक विवेचन करू ।
7. रूप–परिर्वनक कारण सँ परिचय कराउ ।
8. वाक्यक प्रकार एवं वाक्य विश्लेषणक वर्णन करू ।
9. वाक्य में कारकक की काज होइत अछि सविस्तार विश्लेषण करू ।
10. विश्वक विभिन्न लिपि सँ परिचय कराउ ।

ꙮ ꙮ ꙮ

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

## एम०ए० मैथिली, पार्ट-II

### पत्र-XII

(मैथिली उपन्यास)

*वार्षिक परीक्षा, 2019*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू ।*
*सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. मैथिली में उपन्यास लोकप्रिय विधा अछि, स्पष्ट करू ।
2. मैथिली उपन्यासक विषयवस्तु सँ परिचय कराउ ।
3. 'कन्यादान' उपन्यासक प्रमुख पात्रक परिचय दिअ ।
4. यात्री जीक साहित्यिक परिचय दिअ ।
5. नवतुरियाक चरित्र–चित्रण एवं उद्देश्य निरूपित करू ।
6. 'पृथ्वीपुत्र' क कथानक आ उद्देश्य निरूपित करू ।
7. 'लोक विजय' उपन्यास में समस्त औपन्यासिक तत्त्वक निर्वाह भेल अछि प्रमाणित करू ।
8. मणिपद्मक साहित्य सौष्ठव सँ परिचय कराउ ।
9. उपन्यास कलाक दृष्टि सँ 'मरीचिका' उपन्यासक समीक्षा करू ।
10. भामती उपन्यासक उद्देश्य निरूपित करैत चरित्र–चित्रण पर प्रकाश दिअ ।

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

## एम०ए० मैथिली, पार्ट-II

### पत्र-XIII

(मैथिली नाटक एवं एकांकी)

*वार्षिक परीक्षा, 2019*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू ।*
*सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. नायक, नायिका भेद सॅ परिचय कराउ ।
2. कीर्तनियाँ नाट्य परम्पराक विश्लेषण करू ।
3. 'पारिजातहरण'क कथावस्तु सॅ परिचय कराउ ।
4. जीवन झाक नाट्य सैष्ठव क समीक्षा करू ।
5. 'सामवती पुनर्जन्म' मेंप्रयुक्त पात्र सँ परिचय कराउ ।
6. 'भफाइत चाहक जिनगी' नाटकक प्रतिपाद्य के निरूपित करू ।
7. नाट्यकलाक दृष्टि सँ 'आतंक' नाटकक समीक्षा करू ।
8. एकांकी के प्रमुख तत्त्वन सँ परिचय कराउ ।
9. 'जीवन संघर्ष' एकांकीक वैशिष्ट्य निरूपित करू ।
10. 'लेमराह अन्हार में एकटा इजोत' एकांकी सँ अहाँ की बुझैत छी, स्पष्ट करू ।

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय
## एम०ए० मैथिली, पार्ट-II
### पत्र-XIV
(मैथिली प्रबन्ध-काव्य)
*वार्षिक परीक्षा, 2019*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू ।*
*सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. मैथिली महाकाव्यक वैशिष्ट्य सँ परिचय कराउ ।
2. मैथिली महाकाव्य में प्रयुक्त अलंकारक वैशिष्ट्य देखाउ ।
3. मैथिली महाकाव्य मे वर्णित प्रकृतिक विभिन्न स्वरूप सँ परिचय कराउ ।
4. 'सुभद्राहरण' एवं 'सीतायन' महाकाव्य सँ परिचय कराउ ।
5. कविवर मार्कण्डेय प्रवासीक साहित्यिक प्रतिभा सँ परिचय कराउ ।
6. 'चाणक्य' महाकाव्य मे राष्ट्रीय भावनाक विकास भेल अछि; स्पष्ट करू ।
7. महाकाव्य आ खण्डकाव्य में अन्तर स्पष्ट करैत मैथिली खण्डकाव्यक विकासक संक्षिप्त परिचय दिअ ।
8. 'पतन' खण्डकाव्यक विशेषता अपन शब्द में लिखू ।
9. 'भारती' खण्डकाव्य में प्रयुक्त पात्रक चरित्र–चित्रण करैत एकर कथानक लिखू ।
10. टिप्पणी लिखू –
    (क) धीरोदात्त नायक
    (ख) 'कीचकवध' महाकाव्य
    (ग) मनबोध
    (घ) डॉ० जयकान्त मिश्र

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय
## एम०ए० मैथिली, पार्ट-II
### पत्र-XV
(आधुनिक–काव्य)

*वार्षिक परीक्षा, 2019*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू ।*
*सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. आधुनिक कविताक शिल्प, छन्द एवं भाषाक उल्लेख करू ।
2. आधुनिक मैथिली काव्यधाराक विकासक रूपरेखा सँ परिचय कराउ ।
3. 'युगवाणी' कविताक समीक्षा करू ।
4. मधुप जीक मैथिली साहित्य मे योगदानक निरूपण करू ।
5. 'पतित पीक' कविता क भाव स्पष्ट करू ।
6. 'मानव मन' कविताक माध्यम सँ कवि की कहब चाहैत छथि, वर्णन करू ।
7. 'परम सत्य' कविता में व्यक्त भेल कविक भाव कँ निरूपित करू ।
8. 'पुरानक मृत्यु आ नव वर्षक जन्म' शीर्षक कविताक समीक्षा करू ।
9. 'खाली आकाश' शीर्षक कविताक मूलभाव व्यक्त करू ।
10. सप्रसंग व्याख्या करू :–

    (क) राजनगर राजा फुलवारी
    धरती सुखल सपाट हे ।
    फूलक नोर खसल भुइयाँ पर
    फलकल–फलकल पात हे ।

    (ख) बुझनुक सब धोकड़ी बनबौलनि
    किछु पुजने सब ठाम पुजौलनि
    जे जेम्हरे पौलनि, से धयलनि
    किछु खएलनि, किछु काँख दबौलनि ।

ꣿ ꣿ ꣿ

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

## एम०ए० (मैथिली), पार्ट-II

### पत्र-XVI

### (मैथिली समालोचना एवं पत्र पत्रिका)

*वार्षिक परीक्षा, 2019*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*खंड–"क" से एक, खंड–"ख" ओ "ग" से दो–दो प्रश्नक उत्तर दिअ।*
*सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

*खण्ड–"क"*

1. मैथिली में आलोचनाक दशा–दिशा पर विचार करू ।
2. वर्तमान मैथिली पत्र–पत्रिका में प्रकाशित दैनिक पत्रक परिचय दिअ ।

*खण्ड–"ख"*

3. 'समालोचना शास्त्रंक' विषयवस्तुक संक्षेप मे परिचय दिअ ।
4. प्राध्यापक वर्ग द्वारा मैथिली में कएल गेल समालोचना कार्यक उल्लेख करू ।
5. डॉ० अमरेश पाठकक उपन्यास विषय पर कएल गेल आलोचनात्मक दृष्टिकोण कॅ सपष्ट करू ।
6. मोहन भारद्वाजक तुलनात्मक आलोचनाक वैशिष्ट्य देखाउ ।

*खण्ड–"ग"*

7. मिथिला मिहिर सब विधाक प्रोसरय देलक ताहि लेल अहाँक नजरि में की विचार अवैत अछि लिखू ।
8. मिथिला दर्शन, वैदेही आ सोनामटि पत्रिका में सबसँ बेसी कोन पत्रिका प्रकाशित भेल, ताहि पर विस्तार सॅ लिखू ।
9. 'मिथिला भारती' आ 'मिथिला मोद' पत्रिकाक वैशिष्ट्य सॅ परिचय कराउ ।
10. मैथिली पत्र–पत्रिकाक मैथिली साहित्यक विकास में योगदानक परिचय दिअ ।